

WERNANE BASA HUMOR SAJRONE DHAGELAN JO KLITHIK JO KLUTHUK

NURIZAL WIDOO

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Abstrak

Humor utawa lawakan sajroning pementasan Kethoprak apadene Lodrug sejatine kalebu caturane antarane pamicara lan mitra wicara kaya dene urip ing padinan. Kang mbedakake kekarone manggon ana ing ekspresi lan isine caturane. Cethane, lawakan iku isine suwalike caturane. Kang ngemu maksud terkadhang malah bisa gawe nesune mitra wicara utawa pamicara jalaran ana bab kang aeng sajrone caturane. Bab aeng kang kaya mangkene iki mau kang kudu justu ana sajrone dhagelan.

Punjere panliten iki yaiku pelanggaran prinsip kerjasama apa wae ing kumpulaning basa humor sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk, pelanggaran prinsip kesopanan apa wae ing kumpulaning basa humor sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk. Tujuwan panliten iki yaiku ngandharake pelanggaran prinsip kerjasama apa wae ing kumpulaning basa humor sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk. Ngandharake pelanggaran prinsip kesopanan apa wae ing kumpulaning basa humor sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk. Panliten iki bisaa migunani tumrap kajian tindak tutur lan ngrembakane ilmu pragmatik.

Panliten babagan pelanggaran maksim sajrone dhagelane Jo Klithik Jo Kluthuk iki sipate *deskripsif* lan sacara metodologis panliten iki klebu ing panliten linguistik *sinkroni*. Basa kang digunakake ing panliten iki yaiku basa Jawa. Sumbere data yaiku rekaman dagelane Jo Klithik Jo Kluthuk. Tata cara ngumpulake data nganggo teknik *nyemak bebas libat cakap* lan nyathet.

Babagan tata cara pangolahing data, teknik kang ditrapake ing panliten iki yaiku teknik analisis data. Dene tata cara ngandharake asil analisis data ing panliten iki yaiku kanthi cara *informal*, yaiku ngandharake analisis data kanthi nggunakake tetembungan sing lumrah.

Adhedhasar asile andharan lan jlentrehan data, wernane basa sajrone dagelan jo klithik jo kluthuk punjere bisa kaperang dadi rong warna yaiku pelanggaran maksim kerjasama Grice lan pelanggaran maksim kesopanan Leech. Prinsip kerjasama sajrone ragam basa dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk luwih sithik panganggane tinimbang pelanggaran prinsip-prinsip kasebut. Prinsip kesopanan sajrone ragam basa dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk luwih sithik panganggane tinimbang pelanggaran prinsip-prinsip kasebut. Kabeh pelanggaran sajrone maksim kerjasama lan kesopanan pranyata mujudake surasa kang lucu, amarga nuduhake wangsulan utawa andharan kang nyleneh tur beda karo padatan.

Tembung wigati:

- (1) Wernane basa
- (2) Humor
- (3) Dhagelan Jo Kluthuk Jo Klithik

PURWAKA

Humor utawa lawakan ing donyane pentas Lodrug utawa Kethoprak iku salah sawijine bagiyane pementasan kang mesthi ana. Tegese, humor utawa lawakan dadi bagiyane wajib sajrone pentas, jalaran humor utawa lawakan bagiyane kang paling ditunggu-tunggu dening para pamiarsa. Bab kasebut bisa dumadi jalaran humor utawa lawakan bisa ndadekake olah pikire manungsa bisa *fresh*. Tegese humor iku uga bisa dadi tamba kanggo manungsa kang lagi nandang mikir. Obat kang

dikarepake ing kene wujud kanthi cara ngguyu, jalaran ngguyu iku bisa nglemesake otot-otot sing kaku lan bisa gawe *rileks* manungsane kasebut.

Akeh perangan kang njalari pawongan bisa ngguyu. Rakhmat (2012: 126) uga ngandharake yen ing golongan filusuf dikenal ana telung teori humor, yaiku Teori Superioritas lan Degradasi, Teori Bisosiasi, lan Teori Pelepasan Inhibisi. Kabeh teori kasebut minangka teori kang ngrembug babagan bab apa wae kang njalari pawongan

bisa ngguyu. Perangan- perangan didadekake cekelan sajrone nintingi bab kang sipate lucu.

Adhedhasar pawongan kang nindakake lawakan iku bisa kaperang dadi loro, yaiku (1) pawongan sing pancen wis nduwe bakat bisa dadi pelawak lan (2) pawongan kang sinau dadi pelawak. Pawongan kang dikarepake ing (1) yaiku pawongan kang lair ceprot pancen kanugrahan saka Gusti kang Murbeng Dumadi nduweni bakat kanggo nglawak. Tegese tanpa nindakake cara-cara kaya kang wis kasebut pamiarsa bisa langsung ngguyu. Jenenge wae bakat alami, dadi saka prejangane nalika pelawak kasebut lagi metu wis bisa diguyu dening pamiarsa. Contone pelawak Jawa kaya kang diandharake yaiku Alm. Bagio. Dene pawongan kang dikarepake ing (2) yaiku saben-saben pawongan kang pengin sinau nglawak. Tegese sapa wae bisa dadi lawak kanthi cara sinau. Sinau ing kene ora kaya sekolah *formal*, tegese anggone sinau bisa wiwit ndelok pelawak liyane lan wekasane nindakake lawakan ing panggung. Senadyan ta ora diguyu dening pamiarsa nanging iku uga salah sawijine proses sinau. Kanthi kaya mangkono mengkone bisa terbiasa lan wekasane bisa dadi pelawak sing lucu. Tegese dadi pelawak kanthi cara sinau iku mbutuhake wektu sing suwe.

Dene ing panliten iki nliti pelawak sing jenenge Jo Klithik lan Jo Kluthuk. Panliti milih pelawak kasebut kanthi dhasar pelawak kasebut dudu pelawak kaya sing *tipe* (1), nanging *tipe* (2) yaiku pelawak kang sinau nglawak. Senadyan ta putrane pelawak Jolego nanging kekarone pelawak kasebut isih kudu sinau nglawak luwih akeh. Bab kasebut katindakake wiwit isih taruna, melu bapake nglawak ana ing grup Kethoprak saka Tulungagung “Siswa Budaya”. Kekarone miwiti anggone sinau nglawak malah dadi prajurit luwih dhisik, nanging prajurit sing solah bawane digawe lucu. Cara kasebut ditindakake kanthi maksud supaya kekarone bisa terbiasa ana ing panggung. Bab terbiasa ing panggung iku wigati tumrap paraga Kethoprak mligine pelawak. Kanthi terbiasa ing panggung, pangajabe ora bakal nduwe sipat grogi ngadhepi pamiarsa. Adhedhasar kasebut, panliti milih Jo Klutuk lan Jo Klithik sing dadi sumber dhatane ing panliten.

Saben-saben pelawak, anggone nglawak mesthi mbutuhake *media*. *Media* kang dikarepake yaiku basa. Basa didadekake *media* sajrone nglawak kanthi maksud pamiarsa krungu banjur ngerti lan mikir apa kang

diwicarakake dening pelawak kasebut. Kanthi proses kasebut wekasane pamiarsa kang nemtokake lucu lan orane lawakan kang diwicarake. Dadi maneka werna basa perlu digatekake dening pelawak anggone nindakake lawakan. Miturut panganggone, wernane basa bisa kaperang dadi loro, yaiku werna basa lisan lan werna basa tulis. Werna basa lisan yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara guneman utawa pitutur, dene werna basa tulis yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara nulis. Miturut gunane, werna basa uga kaperang maneh dadi lima, yaiku (1) Ragam baku, (2) Ragam resmi, (3) Ragam usaha, (4) Ragam santai, lan (5) Ragam akrab (Nababan, 1993:53).

Miturut undha usuking basa ana papat, yaiku ngoko, krama, madya lan krama inggil (Poedjosoedarmo, 1979: 24). Ragam ngoko yaiku basa sing dianggo kanca marang kanca kang saumuran kanthi tujuwan supaya luwih akrab. Basa madya, ragam basa kang tetembungane ana mempere kelawan ragam krama, nanging ana owah-owahan kang njalari bedane antarane krama lan madya. Biyasane, ragam basa madya iku uga dienggo dening pawongan kang ana ing karang padesan. Biyasane ragam basa madya iki, kajupuk saka ragam dialek kang kurang standart. Basa krama yaiku basa sing dianggo marang wong sing umure luwih tuwa utawa drajate luwih dhuwur saka mitra wicara. Ragam basa krama inggil, biyasa dienggo dening pawongan kang nduweni kalungguhan kang becik ing struktur sosiale. Biyasane dienggo dening pawongan saka golongan priyayi lan para winasis. Tegese nduweni kawruh kang jembar ngenani undha-usuking basa. Wujude krama inggil iku beda kelawan wujude ragam basa ngoko lan kramane. Dene ing panliten iki matesi adhedhasar panggonane wernane basa yaiku wernane basa lisan, adhedhasar gunane, wernane basa kang dienggo yaiku ragam santai lan ragam akrab. Kang pungkasan, miturut ragam basane matesi ragam basa kang arupa ngoko, madya lan krama.

Teori kang digunakake sajrone panliten yaiku nganggo ancangan pragmatik, nanging luwih nengenake marang prinsip kerjasama Grice lan kesopanan Leech. Adhedhasar kasebut, ing panliten iki pengin ngerteni anane *penyimpangan* saka prinsip kerjasama Grice lan kesopanan Leech. Anane *penyimpangan* kasebut ora adoh saka topik kang diteliti yaiku lawakane pelawak. Saliyane iku uga nganggo teori humore Rakhmat kang kaperang dadi telu

yaiku teori superioritas lan degradasi, teori bisosiasi, lan teori pelepasan inhibisi. Adhedhasar andharan-andharan kasebut mula panliten iki njupuk irah-irahan “Wernane Basa Humor Sajroning Dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk”.

Wujude basa humor iki ditindingi saka aspek basa lan aspek pragmatike. Ngenani apa bae aspek basane lan aspek pragmatike kang arep dibabar ing sajroning panliten iki, ing ngisor iki katrangane.

Gegayutan karo andharan kasebut, underaning panliten iki, yaiku (1) Pelanggaran prinsip kerjasama apa wae ing kumpulaning basa humor sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk?, (2) Pelanggaran prinsip kesopanan apa wae ing kumpulaning basa humor sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk?.

Adhedhasar underaning panliten kasebut kadudut ancasing panliten, yaiku (1) ngandharake pelanggaran prinsip kerjasama apa wae ing kumpulaning basa humor sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk lan (2) Ngandharake pelanggaran prinsip kesopanan apa wae ing kumpulaning basa humor sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah. Panliten kasebut nduweni paedah, yaiku (1) Sacara praktis panliten iki nduweni manfaat kanggo kalangan akademik minangka masukan awal panliten linguistik lan (2) Kanggo informasi saengga masyarakat bisa mangerteni nilai-nilai humor kang kinandut sajroning humor.

Adhedhasar jlenterahan kasebut panliti menehi watesan panliten ngenani: (1) Kang bakal dirembuk ing panaliten iki babagan wernane basa humor sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk, (2) Panaliten iki nyoba ngandharake wujud wernane basa, kanthi ancangan teori pragmatik kang luwih nengenake marang prinsip kerjasama Grice lan prinsip kesopanan Leech, (3) Data (*objek*) ing panaliten iki arupa basa Jawa ngoko kang digunakake pacaturan utawa guneman sabendinane.

Panliti uga menehi wewatesane bab tembung. Wewatesane tembung yaiku: (1) Wernane basa: Variasi basa kang dienggo dening pamicara adhedhasar topik wedharan, (2) Humor: Samubarang kang lucu adhedhasar polah tingkah, ekspresi lan materi lawakan, (3) Dhagelan Jo Kluthuk Jo Klithik: Lelucon kang dituturake dening paraga Jo Kluthuk Jo Klithik kanthi polah tingkah, ekspresi, lan materi lawakane.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Ngandharake ngenani konsep teoritis humor kang dienggo ing panliten iki. Teori-teori kasebut digunakake minangka pathokan sajrone nindingi objek dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk. Saliyane iku, panliti uga ngandharake panliten kang saemper. Panliten saemper kang ngrembuk ngenani humor, yaiku panliten kang ditindhakake dening Santoso (2006) nlinti ngenani lawakan kanthi irah-irahan “*Wujud Bahasa Humor Ludruk Mustika Jaya dalam Lakon Pengemis Palsu*”. Perkara kang diandharake sajroning skripsi iku ngenani wujud bahasa humor lan penyimpangan-penyimpangan sajrone maksim kerjasama lan maksim kesopanan sajrone tuturan ludruk Mustika Jaya dalam lakon pengemis palsu saka aspek pragmatik.

Basa

Basa minangka piranti komunikasi saben manungsa kanggo nylarasake pribadi karo lingkungan fisik lan lingkungan sosiale. Chaer (1995: 14) ngandharake yen basa yaiku sistem lambang arupa swara, sifat arbiter, produktif, dinamis, beragam, lan manusiawi. Basa uga piranti kanggo medharake pikiran, gagasan, konsep, lan perasaan. Miturut Sumarsono (2004) basa yaiku pirantine manungsa kanggo ngekspresikake pikiran lan perasaane. Fungsi basa paling utama yaiku kanggo komunikasi, saengga komunikasi minangka piranti sing bisa nuwuhake sistem sosial ing bebrayan (Nababan, 1993: 48). Adhedhasar andharan kasebut, anane basa bisa awèh pitulungan marang donyane sesrawungan.

Basa lan Masyarakat Tutur

Basa, wis samesthine tuwuh lan ngrembaka ing masyarakat, sabendina lan saben wektu manungsa nduweni gegayutan karo basa. Tanpa basa manungsa ora bisa interaksi karo manungsa liyane. Manungsa yaiku makhluk individu lan uga makhluk sosial. Kanggo njangkepi hasrate minangka makhluk sosial, manungsa mbutuhake basa minangka piranti komunikasi (Pateda, 1990:4),.

Paedahe Basa

Basa yaiku piranti komunikasi antaraning anggota masyarakat arupa *simbol bunyi* kang diasilake piranti pangucaping manungsa, Keraf (1994:1).

Saben-saben basa nduweni paedah, kaya kang diandharake dening Alwasilah (1985:9) “Paedahing basa yaiku piranti

komunikasi lan lambang *social* manungsa”. Ing bab iki Wardaugh (ing Chaer 1995:10) uga nyatakake yen paedhahe basa yaiku piranti komunikasi manungsa lesan lan ora lesan. Poedjosoedarmo (2001:169) nduweni pendapat yen paedahing basa yaiku kanggo *interaksi*, kanggo menehi pitakonan, menehi informasi, ngongkon, nglarang, nolak, njaluk, mbengok.

Akeh panemu sing ngandharake paedhahe basa, intine basa nduweni paedah minangka alat komunikasi. Keraf (1997: 3) paedhahe basa dideleng saka dasar lan motif tuwuhe basa, yaiku (1) kanggo nyatakake ekspresi diri, (2) kanggo alat komunikasi, (3) kanggo alat ngadakake integrasi lan adaptasi sosial lan, (4) kanggo alat kontrol sosial.

Saka panemu-panemu kasebut bisa diweruhi yen paedah utama basa yaiku minangka piranti komunikasi. Sajroning komunikasi, basa yaiku wiwitan kanggo nyampekake pikiran, rasa, gagasan marang wong liya. Adhedasar definisi komunikasi kasebut, bisa kadudut yen komunikasi minangka proses kang nglibatake: (1) wong sing komunikasi, (2) informasi sing disampekake, (3) piranti komunikasi.

Basa lan Kabudayan

Basa nduweni gegayutan karo kabudayan minangka sistem komunikasi, amarga basa bagiyane saka kabudayan sarta bagiyane paling onja saka kabudayan. Basa asring dianggep minangka produk sosial utawa produk budaya. Basa minangka wadhah aspirasi sosial, kagiyatan, lan prilaku masyarakat, wadhah nyikapi budaya kalebu teknologi sing diciptakake dening masyarakat sing nganggo basa kasebut. Basa minangka asil budaya ngandhut nilai-nilai masyarakat penutur (Sumarsono, 2004: 20-21). Dhasare basa yaiku produk lan piranti kabudayan, struktur, tetembungan, lan unsur basa minangka akibat daya kreasine manungsa. Basa bisa ngrembaka saka piranti pikirane manungsa, akehe kabudayan sing ngrembaka bisa dideleng saka wujud-wujud fisik utawa nonfisik sing nyebabake ngrembakane basa (Hartuti, 2002:15).

Basa Humor

Basa humor yaiku basa kang dienggo dening pelawak sajroning nindakake lawakan. Basa pancen nemtokake kualitas lawakane. Tegese, basa dadi salah sawijine faktor penentu sajrone lawakan. Basa kang dienggo dening pelawak nindakake lawakan kagolong wujud basa kang nduweni sipat bebas.

Tegese bebas ing kene nduweni makna

yen ta apa kang dienggo ora nggatekake basa formal lan informale. Kang dikarepake, sajrone tuturan humor kasebut nduweni konflik kang ndayani anane dampak emosi. Kanthi kaya mangkono, bisa njalari anane tumindak eyel-eyelan antarane pelawak siji lan sijine, beda panemu, lan beda anggane negesi. Bab kasebut wekasane ndayani lucune pelawak sajrone nglawak, jalaran saka pemilihan basa anggane medharake lawakan.

Teori-Teori Humor

Teori Superioritas lan Degradasi

Sawijining pawongan bisa ngguyu amarga ndelok perkara kang janggal (Plato), utawa perkara kang kliru utawa cacat (Aristoteles). Objek kang njalari ngguyu yaiku objek kang aeng lan nyimpang. Subjek utawa pananggap saka humor iku mau nduweni kaluwihan (superioritas), dene objek sing njalari lucu nduweni sipat kang asor.

Teori Bisosiasi

Teori iki dirumusake dening Arthur Kostler “kita ngguyu yen kanthi dumadakan mangerteni anane perkara kang ora cocog antarane konsep lan kasunyatan”.

Miturut teori iki, humor utawa sipat lucu tuwuh amarga anane perkara kang ora dikira-kira, utawa ukara uga tembung, kang mujudake rong asosiasi. Kang kapisan diarani teknik *belokan mendadak* (*unexpected turns*); lan kaping pindho yaiku *asosiasi ganda* (*puns*).

Teori Pelepasan Inhibisi

Teori iki dijupuk saka Sigmund Freud, kang luwih njingglengi marang alam bawah sadar. Bakal ngrasa seneng yen rumangsa ucul saka perkara kang mblenggu, mula saka iku bakal ngguyu.

Pragmatik Sajrone Dhagelan

Grice ngandharake yen sajrone nindakake prinsip *kerjasama* ing dhuwur, saben panutur kudu ngenut 4 (patang) maksim percakapan, yaiku maksim kuantitas (*maxim of quantity*), maksim kualitas (*maxim of quality*), maksim relevansi (*maxim of relevance*), lan maksim cara (*maxim of manner*) (Wijana, 1996: 5).

Saliyane patang maksim kasebut, *hubungan* antarpeserta tutur uga kasusun saka maneka maksim kesopanan kang ditemokake dening Leech (1993) kanggo ndayani ngrembakane prinsip kerjasama Grice. Gegayutan karo tuturan saben peserta tutur kudu manut sawernane maksim, ing antarane maksim kebijaksanaan (*tact maxim*), maksim kemurahan (*generosity maxim*), maksim

penerimaan (*approbation maxim*), maksim kerendahan hati (*modesty maxim*), maksim kecocogan (*agreement maxim*), lan maksim kesimpatian (*sympathy maxim*). Sabanjure kuwi ing tuturan utawa cecaturan sacara sopan uga nuntut prasyarat dipertimbangake 3 (telung) parameter pragmatik, yakni parameter pragmatik arupa jarak sosial (*distance rating*), status sosial (*power rating*), lan kalungguhan relatif tindak ucap (*rank rating*) (Wijana, 1996: 5).

Teori Maksim Kerjasama Grice

Sajrone caturan miturut Leech (1993: 144) informasi kang diwedharake kudu nduweni *relevansi* utawa gegayutane antarane apa sing diwicarakake karo tindak tanduke. Gegayutan karo dhagelan, tegese materi kang diwedharake dening pelawak ora ana relevansi utawa gayutane karo apa kang diwedharake. Bab kasebut dijalari anane aspek pelanggaran kang kudu ditindakake dening pelawak. Kanthi cara nindakake pelanggaran, pangajabe bisa nuwuhake humor.

Maksim Kuantitas (*The Maxim of Quantity*)

Miturut Grice, maksim *kuantitas* bisa ditindakake nalika caturan mung saprelune wae lan apa anane ora kurang lan ora luwih. Rani (2006: 242) uga ngandharake yen sajrone prinsip *kuantitas*, pamicara nganggo basa kang pas, lan nduweni tujuan. Saliyane iku, ana rong subprinsip kang dadi landhesan ing maksim *kuantitas*, yaiku (1) *informasi* kang diwenehake kudu asipat *informatif*, lan (2) *informasi* kang diwenehake ora ngluwihi apa sing arep diwenehake.

Maksim Kualitas (*The Maxim of Quality*)

Grice (Parera, 2004: 245) ngandharake yen ing maksim *kualitas* ngemu caturan kang bener utawa blaka kanthi jujur lan pener. Paraga tindak wicara ing maksim *kualitas* kudu bisa menehake *informasi* kang nyata lan ana dhasare (*fakta*) sajrone wedharane (Rahardi, 2005:55). Subprinsip ing maksim *kualitas* yaiku aja ngomongake samubarang kang dirasa ora bener, lan aja ngomongake samubarang kang ora nyata utawa ora bener. Beda kelawan andharan kasebut, sajrone wacana humor malah suwalike, yaiku sakabehe omongane pelawak ora nduweni informasi kang nyata lan ora nduweni dhasar kang gumathok. Bab kasebut dijalari tujuane nglawak, yaiku supaya pamiarsane ngguyu. Mula saka iku terkadhang nindakake suwalike saka maksim *kualitas*.

Maksim Relevansi (*The Maxim of Relevance*)

Prasarat nalika nindakake maksim

relevansi yaiku pamicara lan mitra wicara kudu menehi andharan kang *relevan* tumrap wedharane. Yen menehi andharan lan *informasi* kang ora *relevan*, mula bisa diarani ora manut tatanan maksim *relevansi* (Rahardi, 2005:56). Luwih cethane, Grice ngandharake menawa ing maksim *relevansi*, nalika caturan, pamicara kudu manut karo topik wedharan lan ora mencla-mencle saka pokok caturan (Parera, 2004:245).

Maksim Pelaksanaan (*The Maxim of Manner*)

Sajrone maksim *pelaksanaan*, paragane tindak wicara kudu nindakake kanthi cetha, langsung, lan gamblang. Paraga tindak wicara kang ora bisa nindakake prasarat kaya mangkono dianggep ora manut tatanan prinsip *pelaksanaan*. (Rahardi, 2005:57). Grice uga ngandharake menawa ing maksim *pelaksanaan*, pamicara kudu ngandharake kanthi cetha, saengga mitra wicara bisa ngerteni (Parera, 2004:245). Semono uga Leech (1993:155) uga ngandharake yen maksim *pelaksanaan* ora mauger apa kang dicaturake, nanging kepriye caturan kuwi mau kudune ditindakake.

Teori Maxim Kesopanan Leech

Maksim Kebijaksanaan (*tact maxim*)

Maksim *kebijaksanaan* luwih asring ditindakake nganggo wedharan *impositif* lan *komisif*. Titikane maksim *kebijaksanaan* yaiku *minimalake* rugine wong liya lan *maksimalake* untunge wong liya. Leech (ing Wijana, 1996) ngandharake yen saya dawa wedharane, mula subasitane uga saya gedhe tumrap mitra wicarane.

Maksim Kemurahan Hati (*The Generosity Maxim*)

Maksim *kemurahan hati* yaiku maksim kang ngandharake yen kudu *minimalake ekspresi* kang nguntungake awake dhewe lan *maksimalake ekspresi* kang nguntungake wong liya. Tegese, pamicara kudu *maksimalake* rasa kurmat karo wong liya lan *minimalake* rasa kurmat karo wong liya.

Maksim Penerimaan (*The Approbation Maxim*)

Maksim *penerimaan* yaiku maksim kang *minimalake ekspresi* rasa ora sarujuk karo wong liya lan *maksimalake ekspresi* sarujuk karo wong liya. Saliyane iku, maksim *penerimaan* diwedharake nganggo ukara *komisif* lan *imposif* kang kudu ditindakake paraga tindak wicara amrih *maksimalake* rugine awake dhewe lan *minimalake* untunge awake dhewe.

Maksim Kerendahan Hati (*The Modesty*

Maxim),

Maksim *kerendahan hati* punjere ana ing awake dhewe. Sajrone maksim iki, paraga tindak wicara kudu *maksimalake* ora kumate awake dhewe lan *minimalake* rasa kumate awake dhewe. cethane, maksim *kerendahan hati* iki mrentah amrih ora gumedhe.

Maksim Persetujuan (*The Agreement Maxim*)

Maksim persetujuan kanthi ora langsung mrentah pamicara lan mitra wicara ameih maksimalake rasa cocok lan minimalake rasa ora cocok antarane paraga tindak wicara. Saliyane iku, jinis maksim iki uga nyuda rasa ora sarujuke awake dhewe lan maksimalake pasarujukane antarane awake dhewe lan wong liya.

Maksim Kesimpatian (*Sympathy Maxim*)

Maksim iki diwedharake nganggo ukara asertif lan ekspresif. Paraga tindak wicara ing maksim *kesimpatian* kudu *maksimalake* rasa simpati, lan *minimalake* rasa antipati marang mitra wicarane. Yen mitra wicara pikantuk bungah, pamicara kudu menehi pamuji, dene nalika mitra wicara pikantuk alangan, pamicara kudu menehi pamrayoga.

Kanthi cara ngetrapake maksim *kesopanan*, caturan antarane pamicara lan mitra wicara bisa ana sesambungane antarane maksim *kerjasama*, amarga kekarone ora bisa dipisahake.

Lelandhesan Teori

Wacan ing kumpulane basa humor sajroning Media audio visual kasusun saka unsur eksternal lan internal. Aspek pragmatik ing kumpulaning basa humor sajroning media audio visual digunakake minangka lelandhesane kanggo njelentrehake wacan kalebu humor. Humor sacara teoretis dumadi saka maneka cara. Ing antarane lumantar penyimpangan aspek pragmatik lan manfaate maneka aspek kebahasaan. Rakhmat (2012: 126) ngandharake yen ing golonganane filsuf dikenal ana telung teori humor. teori superioritas lan degradasi, teori bisosiasi, teori pelepasan inhibisi kang intine ngandharake humor iku bisa kawujud yen ana kekliruan utawa penyimpangan konsep marang kasunyatan.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan “Wernane Basa Humor Sajrone Dagelan Jo Klithik Jo Kluthuk” iki nduweni pendekatan sacara teoritis lan metodologis. Sacara teoritis

digunakake ancangan pragmatis. Dene, sacara metodologis panliten iki klebu panliten linguistik kang asipat *sinkroni*, amarga mung ngrembug basa ing jaman saiki wae. Tegese basa kang diteliti mung basa kang diwedharake karo Jo Kluthuk lan Jo Klithik, dudu basa humor saliyané pelawak kasebut.

Mahsun (2005:86) ngadharake yen panliten basa kanthi sinkronis yaiku panliten basa kang ditindakake kanthi nyinaoni fenomena sawijining basa ing sawijining wektu, dadi asipat deskriptif, dene panliten basa kanthi diakronis yaiku nyinaoni fenomena ngrembakane sawijining basa.

Saka andharan kasebut mau wis gamblang, ngenani metode kang digawe iki metode deskriptif kualitatif. Tegese dhata-dhata kang kasil diklumpukake banjur diandharake siji mbaka siji adhedhasar prinsip kerjasama lan prinsip kesopanan. Panliten iki kagolong panliten kang adhedhasar kasunyatan kanthi nggunakake basa kang diteliti. Titikane nggunakake teori dhasar, konsep dhasar, model lan ancangan panliten bab basa kang umum.

Data lan Sumber Data

Dhata ing panliten iki dibedakake dadi rong werna, yaiku dhata dasar lan dhata panyengkuyung (Sudaryanto, 1990:44). Dhata dasar yaiku dhata kang dijlentrehake. Dhata dasar kuwi mau dijupuk saka informan, dene dhata panyengkuyunge dudu dhata kang dijlentrehake, nanging digunakake nyengkuyung dhata dasar kang dijlentrehake. Wujude dhata ing panliten iki yaiku tuturane pelawak Jo Kluthuk lan Jo Klithik.

Sumber dhata adhedhasar jinis relasine diperang dadi rong werna, yaiku sumber *substantif* lan sumber *lokasional* (tandingna Sudaryanto, 1998: 26 lan 1990: 33). Sumber *substantif* dhata utawa diarani sampel yaiku wedharan (tuturan) kang *representative* (Sudaryanto, 1988:19). Sumber *substantif* ing panliten iki yaiku panganggane basa konkret saka pamicarane kang ditindakake kanthi basa lisan lan tulis. Sumber *substantif* dhata lisan yaiku wernane basa lisan sajrone panganggane basa lumrah, lan wajar. Sumber *lokasional* yaiku pamicara, wong kang medharake dhata lan asale sampel substantif dhata, lan biyasa diarani narasumber utawa *resource person* (Sudaryanto, 1990:19).

Instrumen Panliten

Makna simbolis banyu tuk pitu kalebu Alat pangumpule dhata panliten iki nduweni kalungguhan utawa daya piguna kang wigati.

Alat pangumpule dhata panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo ngumpulake dhata panliten. Sajrone panliten iki, alat pangumpule dhata panliten dibedakake dadi loro, yaiku alat pangumpule dhata panliten kang baku lan alat pangumpule dhata panliten kang dadi panyengkuyung. Alat pangumpule dhata panliten kang baku yaiku panliti. Dene instrumen panyengkuyunge yaiku teknik kang digunakake sawektu nganakake pamiji-miji. Sacara mirunggan ing kene nggunakake teknik nyemak-nyathet saka media audio visual.

Tatacara Nglumpukake Data

Tata cara kang dianggo kanggo nglumpukake dhata panliten yaiku nggunakake *metode nyemak*, (Sudaryanto, 2005: 92 lan 2005: 95). *Metode nyemak* yaiku nyemak sakabehing basa kang digunakake dening wong kang guneman. *Metode nyemak* ditindakake kanthi limang teknik yaiku (a) teknik *sadap*, (b) teknik *nyemak libat cakap*, (c) teknik *nyemak bebas libat cakap*, (d) teknik *rekam* lan (e) teknik *nyathet*.

Tata Cara Pangolahang Dhata

Tata cara pangolahang dhata minangka sawijine cara sajrone nindakake panliten amrih antuk asil kang bener lan selaras karo tujuwan kang dikarepake ing panliten. Teknik kang ditrapake ing panliten iki yaiku teknik analisis dhata. Analisis dhata kualitatif Adhedhasar pamawas kasebut, mula cara analisis dhata kang ditindakake ing panliten iki yaiku :

- 1) Transkripsi lan Penalaran dhata
Kagiyatan transkripsi dhata kang ditindakake kanthi becik bakal dadi dhasar kepriye panliti nindakake analisis. Mula kagiyatan transkripsi lan penalaran ing kene ora mung ngerti sawantah, nanging kudu bener-bener bisa mangerteni isi guneman kang dadi dhata kasebut.
- 2) Verifikasi dhata
Sawise transkripsi ditindakake kagiyatan verifikasi. Tegese nliti maneh bab kang wis dimangerteni amrih luwih bener lan pener, selaras karo prakara kang bakal ditliti.
- 3) Klasifikasi lan kodifikasi dhata
Kagiyatan iki ditindakake kanthi cara milah-milah dhata manut underane panliten. Pamilahan kasebut dibarengi karo kagiyatan menahi kode, bisa arupa nomer-nomer. Kanthi menahi kode kasebut bisa nggampangake panliti anggone nglompokake dhata.
- 4) Nafsirake dhata
Kagiyatan nafsirake iki kanggo ngasilake sawijine deskripsi utawa andharan saka dhata kang wis dipikolehi selaras karo prakara kang

ana ing underane panliten.

Tata Cara Nulis Asiling Panliten

Tata cara ngandharake asil analisis dhata ing panliten iki yaiku kanthi cara *informal*, yaiku ngandharake analisis dhata kanthi nggunakake tetembungan sing lumrah. Andharan asiling panliten kasebut ditulis kanthi urutan ing ngisor iki.

- 1) Bab I minangka purwakane panliten kang ngemu sub bab ing antarane yaiku landhesane panliten, punjere panliten, tujuwan panliten, paedahe panliten, wewatesane panliten lan panjlentrehe tetembungan.
- 2) Bab II minangka tintingan kapustakan kang ngemu sub bab ing antarane yaiku panliten kang saemper, lan konsep-konsep kang gegayutan karo panliten kang ditindakake
- 3) Bab III minangka metodhe panliten kang ngemu sub bab ing antarane ancangan panliten, sumber dhata, tata cara nglumpukake dhata, tata cara pangolahang dhata, lan prosedur panliten.
- 4) Bab IV isine ngenani andharan asiling panliten ngenani penyimpangan-penyimpangan maksim sajrone dagelan jo klithik jo kluthuk.
- 5) Bab V minangka panutup kang isine ngenani dudutan lan pamrayoga saka sakabehe andharan asiling panliten.

ANDHARAN PANLITEN

Aspek Pragmatik sajrone Dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk

Andharan sajrone panliten iki nggunakake prinsip *kerjasama* Grice lan Prinsip *kesopanan* Leech. Kaloro prinsip kasebut minangka punjer anggone nintingi saperangan tuladha basa humor kang ditindakake dening Jo Klithik Jo Kluthuk. Panliti merangake jenenge paraga-paraga kasebut kanthi cekakan supaya luwih gampang anggone nintingi. Cekakan kasebut yaiku (I) kanggo paraga Jo Klithik, (U) kanggo paraga Jo Kluthuk lan (H) kanggo paraga Hanung minangka paraga tambahan sajrone pacaturan. Kaya mangkene kang dadi andharan kang luwih cetha babagan aspek pragmatik sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk.

Prinsip kerjasama Grice

Maksim *Kuantitas* (*The Maxim of Quantity*)

Maksim *kuantitas* sajrone basa dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake ragam basa ditindakake mung saprelune wae lan apa anane ora kurang lan ora luwih. Ateges

sajrone nindakake pacelathon, paraga siji lan sijine mung mangsuli apa kan dadi pitakonan paraga liyane. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(1) U : mondhoek neng tebu ireng pirang taun?

I : mondhoek neng tebu ireng nek ra salah telung taun setengah. (LH 1, h 72)

U : 'belajar di tebu ireng berapa tahun?'

I : 'saya belajar ditebu ireng kalau tidak salah tiga tahun setengah.'

(LH 1, h 72)

Pethikan kasebut uga padha karo andharan sadurunge, yaiku apa kang diandharake trep karo apa kang diwangsulake. Paraga U menehi pitakonan, banjur paraga I menehi wangsulan mung saperlune wae. Bab kasebut ndadekake swasana utawa kahanan pacaturan katon temen. Mula saka kuwi, tuladhane maksim Kualitas mono ora bakal ndadekake swasanan lucu sajrone pacaturan amarga apa kang diandharake dening paraga kalebu bab kang nyata tur saperlune wae.

Maksim *kualitas* sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake ragam basa kang ngemu teges bener utawa blaka suta kanthi jujur lan pener. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(2) I : ow... neng gone Bidan. Neng kana ki terus dipriksa. Bar dipriksa ki aku diwehi ureg-uregan tangan.

U : tulisan,,, kuwi resep. (LH 2, h 70)

I : 'oh ...ke bidan. Disana apa terus diperiksa. Setelah diperiksa saya dikasih coret-coretan tangan.'

U : 'tulisan,,, itu resep.' (LH 2, h 70)

Pethikan pacaturan kasebut nuduhake yen paraga U menehi wangsulan kang trep lan apa anane. Ateges apa kang diandharake dening paraga I cocok karo apa kang diwangsuli dening paraga U. Tuladha kaya mangkono kang diarani maksim *Kualitas*.

Maksim *Relevansi* (*The Maxim of Relevance*)

Maksim relevansi sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake ragam basa kang ditindakake pamicara lan mitra wicara kudu cocok tumrap wedharane. Ateges ora nyimpang uga ora sakarepe dhewe saka pacaturan. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(3) U : innallaha maashobiriin.....

I : jan...

U : wong sabar ki kekasihe gusti allah. (LH 4, h 72)

I : 'innallaha maashobiriin.....'

U : 'wahhh...'

I : 'orang sabar itu dikasihi sama Allah.' (LH 4, h 72)

Pethikan tuladha kasebut nuduhake andharan kang gegayutan karo sing ditakokake dening mitra wicara. Andharan saka paraga U nuduhake kekarepan saka paraga I. Saliyane kuwi, andharan paraga U uga nduweni gegayutan karo andharan sadurunge. Mula pathikan kasebut bisa dilebokake sajrone tuladha maksim Relevansi. Babagan tuladha sajrone maksim relevansi ora bakal ndadekake lucu amarga andharan kang diandharake gumathok karo bab kang ditakokake lan apa anane.

Maksim *Pelaksanaan* (*The Maxim of Manner*)

Maksim *pelaksanaan* sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake ragam basa pacaturan kang cetha, langsung, lan gamblang. Ateges paraga tindak wicara kang ora bisa nindakake prasarat kaya mangkono dianggep ora manut tatanan prinsip *pelaksanaan*. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(4) I : we...we...we... (ngece)

U : kaya awaakmu barang ki perlune belajar, orao belajar urip neng donya tapi sinau urip neng gone alam akhirat mbesuke. Dadi tandure neng alam donya kudu ditata kowe ki! (LH 5, h 72)

I : 'wah...wah...wah...(meledak)'

U : 'seperti kamu itu seharusnya perlu belajar, tidak hanya belajar buat dunia tetapi juga belajar buat di akherat nantinya. Jadi menanamlah di dunia harus ditata.' (LH 5, h 72)

Sajrone pethikan kasebut paraga U menehi andharan kang cetha tur gamblang adhedhasar kahanan pacaturan. Mula apa kang diandharake cocok lan trep apa anane. Mung wae sajrone tuladha maksim *pelaksanaan* kasusun luwih apik lan tumata. Mula saka kuwi tuladha maksim *pelaksanaan* luwih kasusun saka akeh ukara. Andharan kang cetha tur gamblang pranyata ora bakal gawe pamirsa ngrasa lucu. Paraga kang ngandharake katon gumedhe, mula ora bakal ndadekake lucu nanging ndadekake kahanan katon suka parisuka.

Prinsip kesopanan Leech

Maksim *Kebijaksanaan* (*tact maxim*)

Maksim *kebijaksanaan* sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake raga

basa pacaturan kang ngurangi rugine wong liya lan ningkatake bathine wong liya. Ateges mitra wicara rumangsa oleh wangsulan caturan kang nglegakake ati utawa padha karo sing dikarepake. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(5) U : alif?

I : alif ki wis nduduhke utawa sudah memperlihatkan, hurufe alif ki kenceng. Dadi kenceng manembahing Gusti kang Maha agung minangka isa kanggo sanguning slamet. (LH 6, h 72)

U : ' alif?

I : ' alif sudah memberitahu atau sudah memperlihatkan., huruf alif itu tegak. Jadi tegak itu meyembah kepada Allah Yang Maha Kuasa sebagai bekal keselamatan.' (LH 6, h 72)

Pethikan kasebut nuduhake yen paraga U menehi pitakonan marang paraga I. Wangsulan saka paraga I mujudake wangsulan kang trep tur wicaksana, amarga cetha tur nguntungake tumrap paraga U. Saliyane kuwi, wangsulan kuwi uga nuduhake wangsulan kang paring kawruh enggal tumrap paraga liya utawa pamirsa kang ndelok. Mula saka kuwi, sajrone maksim kebijaksanaan iki kudu paring andharan uga wangsulan kang wigati uga migunani tumrap mitra wicara.

Maksim Kemurahan Hati (*The Generosity Maxim*)

Maksim kemurahan hati sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake ragam basa pacaturan kang nyethakake bab salah bawa kang nguntungake wong liya. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(7) U : kok isa?

I : kewan padha mati, tandur pari dipangan hama, tetanduran padha mati kabeh. Kuwi sing diarani pagebluk. Ngono.

U : yen lintang kemukus tibane ngalor.

I : yen ana lintang kemukus kok cumlorote ngidul, kuwi paling ora sing ora isa nyambut gawe kuwi para nelayan.

U : kok isa?

I : ombah gedhe, iwak ora ana, angin gedhe. Kuwi sing diarani prahara. Ngono.... yen cumlorote lintang kemukus ngetan utawa ngulon kuwi padha wae. dadi wong dhuwur padha

rebutan palungguhan, wong cilik sing dadi korban. ngono.... (LH 8, h 73)

Pethikan kasebut, mligine saka paraga I mujudake wangsulan kang becik. Yen dijlimeti maneh nuduhake pangrasa kang beda. Ateges yen ditintingi kanthi luwih pathikan kasebut nuduhake wangsulan kang apa anane lan ora diluwih-luwihake. Wangsulan kaya mangkono bisa nuduhake yen paraga I pancen wasis, nanging tanpa nuduhake kawasisane kanthi luwih. Bab kang apa anane kasebut ora bakal ndadekake rasa lucu sajrone pacaturan ing dhagelan.

Maksim Penerimaan (*The Approbation Maxim*)

Maksim penerimaan sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake ragam basa pacaturan kang ngurangi salah bawa kang ora sarujuk karo wong liya lan nuduhake salah bawa kang sarujuk karo wong liya. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(9) I : dadi nek menurut anui ya... penelitian... ki yen taun 2012 ana jumudhule lintang kemukus.

U : ki low... rungokna! Ki ilmu tenan. (LH 9, h 73)

Pethikan kasebut nuduhake rasa pasarujuan saka paraga U marang paraga I. Wangsulan saka paraga U mujudake tetembungan kang sarujuk marang andharan saka paraga I. Wangsulan kasebut sejatine bisa wae kalebu sajrone maksim persetujuan, nanging ing kene luwih nengenake babagan salah bawa saka paraga.

Maksim Kerendahan Hati (*The Modesty Maxim*),

Maksim kerendahan hati sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake ragam basa pacaturan kang punjere manggon ing awake dhewe. Sajrone maksim iki paraga ora oleh gumedhe utawa gedhe endhase. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(10) I : dadi awake dhewe kudu ngati-ati. Yen ana jumudhule lintang kemukus kok cumlorote ngalor, kuwi paling ora sing dadi korban kuwi para petani.

U : kok isa?

I : kewan padha mati, tandur pari dipangan hama, tetanduran padha mati kabeh. Kuwi sing diarani pagebluk. Ngono.

U : yen lintang kemukus tibane ngalor.

I : yen ana lintang kemukus kok cumlorote ngidul, kuwi paling ora sing ora isa nyambut gawe kuwi para nelayan

U : kok isa?

I : ombah gedhe, iwak ora ana, angin gedhe. Kuwi sing diarani prahara. Ngono.... yen cumlorote lintang kemukus ngetan utawa ngulon kuwi padha wae. dadi wong dhuwur padha rebutan palungguhan, wong cilik sing dadi korban. ngono.... (LH 10, h 73)

Pethikan kasebut meh padha karo tuladha maksim kemurahan hati, paraga menehi wangsulan apa anane tanpa diluwih-luwihake. Kebeh wangsulan saka paraga I nuduhake wangsulan kang becik, nanging tanpa nuduhake kawasisane tumrap paraga liya. Ateges wangsulan kang apa anane kuwi bisa kalebu sajrone maksim kemurahan hati lan maksim kerendahan hati amarga wangsulan kasebut diandharake tanpa rasa nuduhake kaluwihane, luwih-luwih yen wangsulan kasebut ngandhut kawruh kang migunani tumrap liyan. Maksim Kerendahan hati kang adhedhasar andharan kang apa anane ora bakal ndadekake rasa lucu sajrone pacaturan ing dhagelan.

Maksim *Persetujuan* (*The Agreement Maxim*)

Maksim persetujuan sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake ragam basa pacaturan kang nuduhake pasarujukan antarane pamicara lan mitra wicara. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(11) I : olahraga,,, tumon wong shalat marai stroke? Ora tumon kowe.

U : iya ya... kha'?

I : dadi nek menurut anui ya... penelitian... ki yen taun 2012 ana jumudhule lintang kemukus.

U : ki low... rungokna! Ki ilmu tenan. (LH 11, h 73)

Pethikan wangsulan kasebut nuduhake pasarujukan saka paraga U marang andharan saka paraga I. Pasarujukan kasebut ateges apa kang diandharake dening paraga I trep karo apa kang dikarepake dening paraga U.

Maksim *Kesimpatian* (*Sympathy Maxim*)

Maksim kesimpatian sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk mujudake ragam basa pacaturan kang nuduhake simpati utawa melu ngrasakake apa kang dirasakake dening mitra wicara. Ateges apa kang ditindakake pamicara minangka wujud piwales kang dikarepake

dening mitra wicara. Kaya dene pethikan saka dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk iki.

(13) U : kabeh ki mau yen ana masalah mesthi ana jalan penyelesaiane.

I : ana penyelesaiane.

U: sing tak goleki ya kuwi. (LH 13, h 74)

Tuladha pethikan kasebut meh padha karo tuladha maksim persetujuan. Bedane manggon ing rasa sajrone tetembungan. Yen maksim persetujuan mung nengenane ing babagan kasarujukan saka paraga, nanging sajrone maksim kesimpatian saliyan nuduhake rasa kasarujukan uga ngrasakake apa kang dikarepake dening mitra wicara. Mula wangsulan paraga I kasebut negesake yen wangsulan kasebut sing dikarepake dening paraga U, luwih-luwih anane wangsulan paneges liya saka paraga U.

Pelanggaran Prinsip Kerjasama ing Dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk

Sajrone pelanggaran Prinsip Kerjasama iki nuduhake saperangan bab-bab kang ora tinemu nalar uga ora cocok karo titingan basa. Ateges andharan utawa wangsulan sajrone pacaturan kalebu andharan utawa wangsulan kang ora trep. Saliyan kuwi andharan utawa wangsulan kasebut beda karo titingan basa kang dikarepake dening panliti. Perangan sajrone prinsip kerjasama iki uga kaperang dadi papat, yaiku : (1) Pelanggaran Maksim *Kuantitas* (*The Maxim of Quantity*), (2) Pelanggaran Maksim *Kualitas* (*The Maxim of Quality*), (3) Pelanggaran Maksim *Relevansi* (*The Maxim of Relevance*), (4) Pelanggaran Maksim *Pelaksanaan* (*The Maxim of Manner*)

Pelanggaran Prinsip Kesopanan ing Dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk

Pelanggaran Prinsip Kesopanan nuduhake saperangan bab-bab kang ora cocok karo titingan basa kang dikarepake panliti. Perangan pelanggaran kasebut uga adhedhasar prinsip kesopanan Leech sing cacahenem, yaiku : (1) Pelanggaran Maksim *Kebijaksanaan* (*tact maxim*), (2) Pelanggaran Maksim *Kemurahan Hati* (*The Generosity Maxim*), (3) Pelanggaran Maksim *Penerimaan* (*The Approbation Maxim*), (4) Pelanggaran Maksim *Kerendahan Hati* (*The Modesty Maxim*), (5) Pelanggaran Maksim *Persetujuan* (*The Agreement Maxim*), (6) Pelanggaran Maksim *Kesimpatian* (*Sympathy Maxim*), (7)


PANUTUP Dudutan

Prinsip kerjasama sajrone ragam basa dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk luwih sithik panganggone tinimbang pelanggaran prinsip-prinsip kasebut. Dene prinsip kesopanan sajrone ragam basa dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk luwih sithik panganggone tinimbang pelanggaran prinsip-prinsip kasebut. Dadi prinsip kerjasama lan kesopanan sajrone dhagelan Jo Klithik Jo Kluthuk ora kabeh nuduhake surasa lucu, amarga nuduhake lumrahe pacaturan.

Kabeh pelanggaran sajrone maksim kerjasama lan kesopanan pranyata mujudake surasa kang lucu, amarga nuduhake wangsulan utawa andharan kang nylenah tur beda karo padatan. Dene ragam basa dhagelan pranyata ngandhut teges uga kekarepan kang beda karo pacaturan lumrahe ing bebrayan.

Saran

Luwih akeh titingan basa kang nliti babagan ragam basa ing dhagelan supaya bisa ndudut saperangan analisis basa dhagelan. Tansah nguri-uri jinising ragam basa, mligine basa dhagelan kang bisa dadi panglipur kanggo wong akeh. Basa dhagelan kuwi basa kang angel, ora saben wong bisa ndhagel, mula kudu tansah sinau supaya nalika nindakake dhagelan bisa paring panglipur kanthi becik.



DAFTAR PUSTAKA

- Ahimsa, Heddy Shri-Putra. 2012. *Strukturalisme Levi-Strauss Mitos dan Karya Sastra*. Yogyakarta: Kepel Press.
- Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*, Jakarta: PT Grafiti Pers.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: MedPress
- Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Hutomo, Suripan Sadi, dkk. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar studi Sastra Lisan*. Hiski: Komisariat Jawa Timur.
- Koentjaraningrat. 1977. *Metode-metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: PT Gramedia.
- _____. 1984. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*, Jakarta: Penerbit PT Gramedia.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogya.
- Liyas, Mutholib, dan Ghofur Imam. 1988. *Aliran Kepercayaan dan Kebatinan Di Indonesia*. Surabaya: cv. Amin Surabaya.
- Maryaeni, 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*, Jakarta: Bumi Aksara.
- Poerwadarminto. 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Riyanto, Yatim. 2007. *Metodologi Penelitian Kualitatif dan Kuantitatif*. Surabaya: Unesa University Press.
- Soekanto, Soerjono. 1983. *Hukum Adat Indonesia*. Jakarta: Rajawali.
- Sudikan, setya Yuwan, 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unioress dab Cipta Wacana.
- Suwarni dan Sri Wahyu W. 2011. *Dasar-Dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Bintang Surabaya.

Sumber Internet.

http://respository.upi.edu/operator/upload/t_bnd.078532_chapter2.pdf

